



Mit: Si nivo LDL mwen (move) kolestewòl mwen an nòmal, mwen pa bezwen fè tès lipopwoteyin(a).



Reyalite: LDL (move) kolestewòl ak lipopwoteyin(a), oswa Lp(a), yo diferan. Yon bilan lipidik oswa yon tès kolestewòl estanda pa mezire Lp(a). **Ou ka gen yon LDL nòmal epi toujou gen Lp(a) ki wo.** Pou konnen nivo ou, pwofesyonèl swen sante w la dwe mande yon tès separe Lp(a).



Mit: Lp(a) pa afekte sante kè mwen.



Reyalite: Si Lp(a) ou wo, risk pou maladi kè ak estwòk ou a ka ogmante. Konnen nivo w ede w pran mezi bonè pou pwoteje sante kè w ak sèvo w.



Mit: Mwen pa gen okenn sentòm, kidonk Lp(a) mwen an dwe anfòm.



Reyalite: Ou ka gen Lp(a) ki wo epi ou pa konnen, paske li jeneralman pa gen sentòm. Nouvo gid yo rekòmande pou **chak gran moun fè tès omwen yon fwa nan lavi yo.** Fè tès la espesyalman enpòtan si ou gen :

- antesedan familyal oswa pèsònèl ak maladi kè bonè (anvan 55 lane pou gason, anvan 65 lane pou fanm)
- Konnen antesedan familyal pou Lp(a) ki wo
- Dyagnostik ipèkolestewolemi familyal (FH), yon kondisyon ereditè kote kèk moun kapab fèt ak nivo LDL ki trè wo.



Mit: Yon nivo Lp(a) ki wo pa transmèt nan fanmi.



Reyalite: Nivo w prensipalman ereditè, epi lè li wo, li ka ogmante risk pou maladi kè ak estwòk. Si nivo Lp(a) ou wo, yo rekòmande depistaj an kaskad. Sa vle di teste manm fanmi pwòch ou, tankou paran ou, frè ak sè ou, ak pitit ou, pou jwenn lòt moun ki ka nan risk.



Mit: Lp(a) pa afekte tout moun menm jan, mwen ladan tou.



Reyalite: Kèk faktè ki ka afekte nivo Lp(a) ou a. Nivo ou ka pi wo si ou gen orijin Afriken oswa Sid Azyatik, pandan kèk etap nan lavi tankou gwosès oswa menopoz, oswa si ou gen maladi ren, fwa oswa tiwojid.



Mit: Mwen ka bese Lp(a) mwen an ak manje ki bon pou lasante epi fè aktivite fizik regilyèman.



Reyalite: Menm si chanjman nan fason w ap viv pa diminye nivo Lp(a) yo, gen anpil bagay ou ka fè pou pwoteje sante kè w. Ou ka ogmante risk ou pou fè maladi kè ak estwòk lè w:

- Jere kolestewòl ki wo, tansyon wo, ak dyabèt
- Fè aktivite fizik ki regilye
- Suiv yon rejim ki bon pou kè w
- Evite pwodui tabak
- Kenbe yon pwa ki bon pou lasante
- Dòmi 7 pou rive 9 èdtan somèy pou repare w chak jou



MIT: Asirans sante pa kouvri tès Lp(a).



REYALITE: Pifò plan asirans kouvri tès sa a. Lè ou rele pou verifye, endike **kòd CPT 83695**. Si plan ou a pa kouvri li, pwofesyonèl swen sante ou a kapab oryante w sou opsyon tès ki pi abòdab.